

## Jeneral

- Restoran an oubyen ba a dwe genyen yon pèmi enstalasyon sèvis manje DOHMH, li pa dwe aletaj, li dwe an brik oubyen l dwe an beton
- Li kapab itilize espas kote ki gen twotwa yo ak espas kote ki genyen wout yo ki dirèkteman anfas biznis la
- Demand Ouvèti Restoran NYC a pa konsène itilizasyon espas ki fè pati byen prive yo (pa egzanz lakou, balkon, elatriye)
- Li dwe konfòm ak egzijans ADA yo
- Li obligatwa pou kandida a bay tout tab yo, li obligatwa pou l bay tout chèz yo, li obligatwa pou l bay tout baraj yo, epi l obligatwa pou l bay tout pasrèl yo. Ou pa gen pèmision pou ou mete anyen ki bare wout la oubyen ki bare twotwa a
- Lè ou p ap itilize chèz yo ak tab yo ou dwe retire yo oubyen ou dwe mare yo nan plas kote yo ye a

## Lè nou Louvri

- Lendi–Samdi: Soti 8 AM to 11 PM
- Dimanch: 10 AM to 11 PM
- Biznis ki gen orè ki depase lè sa yo gen pèmision pou yo ret ouvè epi yo toujou gen dwa fè pla kliyan yo ka pran ale, men yo pa gen dwa pou yo plase pwotektè nan lè ki pa fè pati orè sa yo

## Dat Program (Sof si Lameri ta bay lòt dat)

- Pwogram sou Twotwa jiska 31 oktòb 2020
- Pwogram nan Wout jiska 8 septanm 2020

## Fòmilè Demand

- Sitwèb: [nyc.gov/openrestaurants](https://nyc.gov/openrestaurants)
- Biznis yo dwe bay garanti yo ap respekte tout egzijans ki nan fòmilè demand lan pèsònèlman
- Si gen yon biznis ki konte sèvi kliyan l yo alkòl, demand Ouvèti Restoran NYC a se sèl gichè Otorite Alkòl Eta (SLA) NY la ki souplas pou l pwolonje lisans si biznis lan bay enfòmasyon SLA yo mande l yo. Y ap apwouve demand biznis lan oubyen y ap rejte l lapoula lè l fin soumèt li.
- Lameri ap ba l yon sètifika/l ap enprime ba li yon apwobasyon ki ba l otorizasyon

## Sante

- Biznis yo dwe respekte tout egzijans konsènan sante Eta a ak tout egzijans konsènan sante Meri a
- **Gid DOHMH konsènan livrezon manje nan lari ak livrezon manje pou kliyan pran ale**
- **Gid Pwovizwa Depatman Sante Eta New York la pou Espas nan Lari**
- Piblik la dwe suiv “Kat (4) Rekòmandasyon Debaz” sa yo:
  1. **Mete mask**
  2. **Retè lakay ou si ou pa santi ou byen**
  3. **Toujou bay moun distans ki mezire 6'**
  4. **Lave men ou**

## Lòt Resous

- **Liy Dirèk pou Sèvis nan Ti biznis: 888-SBS-4NYC**  
Meri a mete yon liy dirèk pou ti biznis pou li kapab reponn kesyon pa mèt ti biznis ki pi ijan yo pandan yo ap prepare yo pou yo ouvri ti biznis yo a ankò. Konseye sou Kesyon Konfòmite ak Defansè Ti Biznis yo ap jere liy dirèk la epi yo gen nan men yo gid ak règleman ki pi resan yo pou yo ka pataje ak mèt ti biznis yo. Pou ou kapab jwenn liy dirèk la, konpoze 888-SBS-4NYC oubyen konpoze 888-727-4692.

### Kesyon Moun Poze Souvan sou Ouvèti Restoran

#### Gid sou Re-ouvèti Restoran nan NYC

#### Gid Otorite Alkòl Eta NY sou Kondisyon Pwolongasyon Lisans nan kad Lit kont Pandemi COVID-19 la

#### Re-ouvèti Mache ki Vann Materyèl, ansanm ak Amelyorasyon Fizik ak Mèb Pòtab

Ou kapab jwenn lyen sa yo sou [nyc.gov/openrestaurants](https://nyc.gov/openrestaurants)

**NYC**

# OUVÈTI Restoran

## Kritè Konsènan Plas pou Moun Chita

Vil New York la mete sou pye Pwogram Ouvèti Restoran an pou li kapab ede biznis ki nan domèn restorasyon an pandan yo ap eseye kanpe ankò, men ni sekirite manje yo, ni sekirite anplwaye yo, ni sekirite moun ki itilize lari a epòtan tou. Anplis, tout moun ki abite New York yo dwe anmezi pou yo jwenn manje sa yo Jan Lwa konsènan Ameriken ki Gen Andikap yo (ADA) egzije l la. Mèt restoran yo dwe respekte tout egzijans pwogram nan sinon yo ap anile pèmision yo ba yo a pou yo ka patisipe nan pwogram nan.

## Plas pou Moun Chita ki sou Twotwa


- Ou dwe kole ni chèz yo ni tab yo nan mi biznis lan oubyen ou dwe mete yo pi pre mi biznis lan posib
- Ou dwe kite lip yon espas ki mezire 8' pou pyeton
- Li dwe nan yon distans ki mezire 3' pou pi piti biznis ki bò kote l la
- Li pa gen dwa bloke materyèl enstalasyon sèvis piblik yo oubyen l pa gen dwa bloke koneksyon dlo siyamwa yo
- Li pa dwe bloke yon espas kote moun tann bis
- Pou wout lan kapab lib, pakmèt, pano sikilasyon ak tou pyebwa ki kouvri ak gri (ki pa gen pwoteksyon pyebwa) pa konsène. Yo konsidere tout lòt estrikti ki depase nivo sòl la kòm obstak

## Plas pou Moun Chita ki nan Wout

### Restoran yo dwe:

- Konstui yon baryè pwoteksyon, tankou baraj yo plante oubyen bagay ki menm gwo avèk yo epi ki gen menm pwa avèk yo, nan toule twa (3) kote perimèt plas pou moun chita a ki nan wout la, pou yo kapab separe kote moun chita a ak liy wout sikilasyon an. Baryè sa yo dwe mezire 18" lajè ak 30-36" wotè pou pi piti (san konte plant yo) nan toule twa (3) kote ki nan wout la, pou chofè yo kapab wè epi pou pwotektè yo kapab an sekirite (ale li Tablo Kritè Konsènan Plas pou Moun Chita a)
- Mete kalite baryè sa yo toukole youn ak lòt dirèkteman (pa kite espas) epi mete yo nan yon distans ki pa depase 8' pa rapò ak twotwa a (ale li Tablo Kritè Konsènan Plas pou Moun Chita a)
- Fè tout baryè yo ak tep jòn ki refleto limyè a tounen oubyen fè yo ak refleto pou ou kapab asire ou yo ap kapab wè ni pwotektè yo ni baryè yo leswa (ale li li Tablo Kritè Konsènan Plas pou Moun Chita a)
- Mete yon pasrèl pou ou kapab respekte egzijans ADA yo, ou kapab fè l ak materyo pwovizwa
- Pa mete plas pou moun chita a oubyen pa mete baryè a nan yon distans ki mezire 15' pa rapò yon priz dlo pou ensandi. Si w fè l konsa sa kapab mete sekirite moun ki abite New York menm jan avè ou yo andanje
- Pa mete plas pou moun chita a oubyen baryè a nan yon distans ki mezire 8' pa rapò ak yon kafou, pou ou kapab pèmèt veyikil yo vire ansekirite epi pou ou kapab evite gen anbouteyaj
- Ou pa dwe mete okenn ekleraj ki lakoz veyikil k ap sikile yo pa ka wè

## Pwogram Ouvèti Restoran nan NYC Kritè Konsènan Plas pou Moun Chita



- Pa mete plas kote pou moun chita a nan yon zòn Kote Yo Toujou Entèdi Veyikil Kanpe oubyen nan yon zòn Kote yo Toujou Entèdi Veyikil Estasyon, pa mete l nan espas liy wout pou bisiklèt, pa mete l nan espas liy wout pou bis/arè bis, pa mete l nan espas kote pou taksy estasyon, oubyen pa mete l nan espas kote yo Pataje Machin. *Esepsyon: Pou zòn kote yo Konn Entèdi Veyikil pou yo pa ni Kanpe ni Estasyon Pafwa yo, ou gen pèmisyon pou ou mete plas pou moun chita a ladan yo lè règleman sa yo pa efektif. Ou dwe retire ni baryè yo ni plas kote pou moun chita a nan wout la lè Entèdiksyon pou Veyikil pa Kanpe a oubyen lè Entèdiksyon pou Veyikil pa Estasyon a efektif.)*
- Itilize yon parapli ki gen pye lou epi parapli sa yo pa gen dwa depase baryè yo oubyen yo pa gen dwa bare kouvèti enstalasyon sèvis piblik yo oubyen yo pa gen dwa anpeche yo pran lè
- Lè ou p ap itilize chèz yo ak tab yo ou dwe retire yo oubyen ou dwe mare yo nan plas kote yo ye a
- Ou dwe respekte egzijans Depatman Ensandi pou Dife ki Gaye nan NYC a ak lòt Prensip pou ou Anpeche Ensandi ki Aplikab

## Mèt Restoran Yo Gen Pèmisyon Pou Yo

- Ni Kite baryè yo anplas nan yon espas yo mezire ni ale nan yon lòt espas kote veyikil konn estasyon oubyen nan yon zòn kote yo toujou Entèdi Veyikil Paking detanzantan, akondisyon pou yo retire tab yo ak chèz yo oubyen yo mare yo lè yo p ap itilize yo
- Kote yo otorize pou yo mete yon plas pou moun chita sou yon twotwa a, enstale yon platfòm dèyè baryè yo egzijè ou la ki nan menm nivo ak twotwa a pou ou kapab respekte egzijans ADA yo pi fasil, pou ou ka anpeche twotwa a vin yon danje kote moun ka frape, epi pou ou ka pèmèt dlo koule pa anba plas pou moun chita a
  - Platfòm sa yo pa dwe anpeche dlo lapli a koule rive sou twotwa a oubyen l pa dwe anpeche l koule arebò twotwa a
  - Platfòm sa yo pa dwe bouche kouvèti enstalasyon pou sèvis piblik sa yo oubyen yo pa dwe anpeche yo pran lè